

Nim. 202.32

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law), avèk dokiman sa a, ap kontinye ak sispansyon ak modifikasyon lwa yo, ak nenpòt enstwiksyon, ke yon enstwiksyon ilteryè pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202.23 a ak chak Dekrè Egzekitif ki vin apre sa yo ki gen pami yo Dekrè Egzekitif 202.27 la, pandan trant jou jiska dat 20 jen 2020.

ANPLIS DE SA, Mwen avèk dokiman sa a sispann modifiye tanporèman sa ki annaprè yo, pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif sa a jiska samedì 20 jwi 2020, lwa ki annaprè yo:

- Sibdivizyon (1) nan seksyon 576-b nan Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law) la ak seksyon 58-1.7 ak 58-1.8 nan Tit 10 NYCRR, nan limit ki nesèsè, an konfòmite ak Dekrè Egzekitif 202.30 ak nenpòt ekstansyon ki ladan li, pèmèt laboratwa klinik yo aksepte ak egzamine espesimèn pou tès COVID-19 la, ki soti nan pèsònèl nan mezon retrèt yo ak etablisman swen pou granmoun yo, kòm pèsònèl sa yo yo defini nan Dekrè Egzekitif 202.30, san yon preskripsyon oswa lòd ki soti nan yon sous lòd otorize, ak rapòte rezilta tès sa yo bay operatè ak administratè apwopriye yo nan mezon retrèt la oswa nan etablisman swen pou granmoun pou kote moun yo te fè tès la pou li a bay sèvis; depi ke, pou asire swivi apwopriye pasyan ki teste pozitif pou COVID-19 la, administratè etablisman an dwe kontakte depatman sante lokal la pou asire ke yo bay tout anplwaye etablisman ki teste pozitif konsèy klinik apwopriye ansanm ak lòd izolman apwopriye; ak
- Seksyon 6530 nan Lwa sou Edikasyon (Education Law) an, nan limit ki nesèsè pou pèmèt doktè kmande tès COVID-19 yo, ke Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini (U.S. Food and Drug Administration, FDA) otorize pou fè koleksyon pou pwòp tèt ou, san yo pa otreman gen yon relasyon doktè-ak-pasyan anvan an avèk pasyan an.

ANPLIS DE SA, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 925-a nan Lwa sou Taks sou Byen Imobilye (Real Property Tax Law) pou pwolonje pandan yon dezans Eta ijans peryòd pou peye taks sou pwopriyete san enterè oswa penalite sou demann direktè egzekitif la nan yon konte, vil, bouk, vilaj oswa distri lekòl ki afekte, mwen pwolonje pou venteyen jou avèk dokiman sa a peryòd pou peye, san enterè oswa penalite, taks sou pwopriyete ki bout nan lokalite sa yo ki mande yon ekstansyon konsa: Vilaj Antwerpen, Konte Jefferson; Vilaj Asharoken, Konte Suffolk; Vilaj Bainbridge, Konte Chenango; Vilaj Bayville, Konte Nassau; Vilaj Bronxville, Konte Westchester; Vilaj Canastota, Konte Madison; Vilaj Cedarhurst, Konte Nassau; Vilaj Chester, Konte Orange; Vilaj Chittenango, Konte Madison; Vil Corning, Konte Steuben; Vilaj Coxsackie, Konte Greene; Vilaj Croton-on-Hudson, Konte Westchester; Vilaj Delhi, Konte Delaware; Vilaj Deposit, Konte Broom-Delaware; Vilaj Dexter, Konte Jefferson; Vilaj Dryden,

Konte Tompkins; Bouk/Vilaj East Rochester, Konte Monroe; Vilaj East Rockaway, Konte Nassau; Vilaj Flower Hill, Konte Nassau; Grand-View-on-Hudson, Konte Rockland; Vilaj Granville, Konte Washington; Vilaj Great Neck, Konte Nassau; Vilaj Great Neck Estates, Konte Nassau; Vilaj Haverstraw, Konte Rockland; Vilaj Herkimer, Konte Herkimer; Vil Patant Holland, Konte Oneida; Vilaj Holley, Konte Orleans; Vilaj Huntington Bay, Konte Suffolk; Vilaj Kings Point, Konte Nassau; Vilaj Irvington, Konte Westchester; Vilaj Lynbrook, Konte Nassau; Vilaj Massapequa Park, Konte Nassau; Vilaj Massena, Konte St. Lawrence; Vilaj Menands, Konte Albany; Vilaj Meksik, Konte Oswego; Vilaj Mill Neck, Konte Nassau; Vilaj Millport, Konte Chemung; Vilaj Naples, Konte Ontario; Vilaj Nassau, Konte Rensselaer; Vilaj New Hartford, Konte Oneida; Vilaj New York Mills, Konte Oneida; Vilaj Old Westbury, Konte Nassau; Vilaj Orchard Park, Konte Erie; Vilaj Oyster Bay Cove, Konte Nassau; Vilaj Pawling, Konte Dutchess; Vilaj Polòy, Konte Herkimer; Vilaj Pulaski, Konte Oswego; Vilaj Quogue, Konte Suffolk; Vilaj Roslyn, Konte Nassau; Vilaj Roslyn Harbor, Konte Nassau; Vilaj Saranac Lake, Konte Franklin-Essex; Vilaj Saugerties, Konte Ulster; Vilaj Scottsville, Konte Monroe; Vilaj Sea Cliff, Konte Nassau; Vilaj Sidney, Konte Delaware; Vilaj Spencerport, Konte Monroe; Vilaj Sodus, Konte Wayne; Vilaj South Glens Falls, Konte Saratoga; Vilaj Trumansburg, Konte Tompkins; Vilaj Tuckahoe, Konte Westchester; Vilaj Upper Nyack, Konte Rockland; Vilaj Warwick, Konte Orange; Vilaj Wesley Hills, Konte Rockland; Vilaj West Haverstraw, Konte Rockland; Vilaj Westbury, Konte Nassau; Vilaj Whitehall, Konte Washington; Vilaj Whitesboro, Konte Oneida; Vilaj Williston Park, Konte Nassau; Vilaj Valley Stream, Konte Nassau; Vilaj Floral Park, Konte Nassau; Vilaj Schoharie, Konte Schoharie; ak Konte Suffolk.

AN PLIS DE SA, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 925-a nan Lwa sou Taks sou Pwopriyete Imobilye, mwen pwolonje avèk dokiman sa a yon fason retwoaktif pou venteyen jou peryòd pou peye san enterè oswa san penalite taks sou pwopriyete ki bout premye avril 2020, nan Vilaj Head Harbor, Konte Suffolk, ak Vilaj Russell Gardens, Konte Nassau.

AN PLIS DE SA, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 20 jen 2020:

- Yo pèmèt nenpòt moun ki gen lisans oswa yon franchiz pis kous nan Eta a ekplwate pis kous sa a apati premye jen 2020, depi ke pis kous sa a pa pèmèt nenpòt vizitè oswa fanatik nan etablisman an, ak pèmèt sèlman pèsonèl esansyèl ki pou sou sit la; epi depi ke detantè lisans oswa franchiz pis kous sa a, ak tout pèsonèl esansyèl yo konfòme yo ak nenpòt direktiv oswa konsèy ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) ak/oswa Komisyon Jwèt Aza (Gaming Commission) a.
- Dekrè Egzekitif 202.10 (ke yo te pwolonje apre pa Dekrè Egzekitif 202.18 ak Dekrè Egzekitif 202.29) ki entèdi tout rasanbleman ki pa esansyèl nan nenpòt ki tay pou nenpòt ki rezon, modifiye pou pèmèt yon rasanbleman ak oswa mwens moun pou nenpòt ki sèvis relijye oswa seremoni, oswa nan bi nenpòt sèvis Jounen Memoryal (Memorial Day) oswa komemorasyon, depi ke pwotokòl distans sosyal ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon ke Depatman Santeegzije yo respekte, epi anplis, nenpòt ki sèvis relijye sou volan oswa adistans ka kontinye depase limit dis moun nan toutotan pa gen okenn kontak moun-ak-moun ant patisipan yo. Yo pèmèt karavàn machin yo.
- Otorite Komisè Taksasyon ak Finans (Commissioner of Taxation and Finance) lan pou diminye penalite pou deklarasyon taks ak peman an reta konfòmeman ak seksyon 1145 Lwa sou Taks (Tax Law) la avèk dokiman sa a etann pou otorize rediksyon enterè ak penalite pou yon peryòd jiska 100 jou pou kontribyab yo te egzije deklare taks yo ak vèsè taks sou lavant ak itilizasyon yo avan 20 mas 2020, pou peryòd chak trimès taks sou lavant yo ki te fini 29 fevriye 2020 an.

AN PLIS DE SA, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B Lwa Egzekitif la, mwen sispann oswa modifiye avèk dokiman sa a dispozisyon sa yo ki enkli nan Dekrè Egzekitif 202.22, pou peryòd apati dat Dekrè Egzekitif sa a jiska 20 jen 2020, sof si yo espesifye yon dat pi bonè anba a:

- Atik 5 nan Lwa sou Taks sou Byen Imobilye (Real Property Tax Law), ak dispozisyon analogi nan nenpòt ki lòt lwa jeneral oswa espesyal ki egzije depo yon seri evalyasyon pwovizwa pou pita nan dat oswa anvan 1 jen 2020, pou pèmèt depo seri evalyasyon pwovizwa ak final nan opsyon lokal, jiska 30 jou o pita amwen ke yo otorize sa otreman, pou pèmèt yon inite evalyasyon pwograme yon dat pou tande plent evalyasyon yo ki omwen se 21 jou apre yo fin depoze seri pwovizwa, pou pèmèt avi sou depo seri pwovizwa ki dwe pibliye sèlman sou entènèt toutotan yo byen afiche dat pou yo tande plent lan, pou sispann enspeksyon seri pwovizwa an pèsòn epi pou pèmèt Konsèy Evalyasyon Odision lokal yo tande plent adistans pa konferans oswa sèvis similè, depi moun ki pote plent yo ka prezante plent yo nan sèvis sa yo epi piblik la gen kapasite pou wè oswa koute pwosedi sa yo;
- Seksyon 1212 Lwa sou Taks sou Byen Imobilye, nan limit ki nesèsè pou pèmèt komisè taks ak finans pou sètifye to final egalizasyon eta, rapò klas yo, ak to egalizasyon klas yo, si sa nesèsè, pa

pita pase 10 jou anvan dènye dat lalwa fikse pou prelèyman taks nan nenpòt kòporasyon minisipal kote yo aplike to egalizasyon, rapò klas yo ak to egalizasyon klas yo;

- Seksyon 1512 (1) Lwa sou Taks sou Byen Imobilye ak Seksyon 283.291 ak 283.221 nan Lwa Konte Westchester yo, sispann pou pèmèt Chèf Egzekitif Konte a negosye ak nenpòt sipèvizè vil oswa majistra nan nenpòt ki vil, pou aksepte yon pousantaj pi piti nan taks yo, nan prelèyman ad valorèm espesyal oswa evalyasyon espesyal ki otreman rive nan bout li 25 me, depi ke nan okenn ka yo p'ap egzije okenn bouk oswa vil pou peye plis pase swasant pousan. Chèf Egzekitif Konte a gen pouvwa pou detèmine si wi ou non yo dwe anilie penalite pou pèman anreta oswa enterè tou depann si wi ou non bouk oswa vil la aplike kritè Chèf Egzekitif Konte a pou detèmine difikilte akòz COVID-19 la;
- Yo sispann seksyon 283.221 nan Lwa sou Konte Westchester a nan limit ki nesèsè pou mande pou sipèvizè nan yon vil, pou anile pèman penalite pou pèman an reta ki soti nan konte a ak taks distri konte yo anba seksyon 283.221 jiska 15 jiyè 2020, ak anile pèman penalite pou pèman anreta ki soti nan vil la ak taks distri vil yo ak evalyasyon yo nan menm fason an, depi vil sa a aplike kritè Chèf Egzekitif Konte a pou detèmine difikilte akòz COVID-19 la;
- Yo sispann seksyon 1512(1) nan Lwa sou Taks sou Byen Imobilye ak nenpòt dispozisyon penalite nan kòd taks la nan yon vil nan Konte Westchester nan limit ki nesèsè pou pèmèt majistra-a nan Vil sa a anile pèman penalite yo pou pèman an reta ki soti nan konte a ak taks distri konte yo a ak pou anile pèman penalite pou pèman taks anreta vil ak taks distri vil yo ak evalyasyon yo menm fason an, depi vil sa a aplike kritè Chèf Egzekitif Konte a pou detèmine difikilte akòz COVID-19 la;
- Seksyon 5-18.0(2) nan Kòd Administratif Konte Nassau a, nan limit ki nesèsè pou pèmèt Chèf Egzekitif Konte Nassau a pwolonje jiska 1 jen 2020, dat limit pou peye san enterè ni penalite dènye mwaye taks sou lekòl yo sou byen imobilye nan konte sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan venteyinyèm jou mwa me
nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a